# BASLAWÍSH KLASS OQÍWSHÍLARÍNDA BAYLANÍSLÍ SÓYLEWDI QÁLIPLESTIRIWDIŃ TEORIYALÍQ HÁM METODIKALÍQ ÁHMIYETI

**A.P.Reyembaeva** – *doktorant*
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** uzluksiz ta'lim tizimi, savod o'rgatish, a'lifbo, metod, o'qituvchi, o'qitish, bog'lanishli nutq.
**Ключевые слова:** система непрерывного образования, грамотность, алфавит, метод, учитель, навыки преподавания, связная речь.
**Key words:** the system of continuing education, literacy, alphabet, method, teacher, learning, conversation in communication, speech activity.

Respublikamızda úzliksiz bilimlendiriw sistemasınıń bárshe basqıshlarına, sonnan onıń mektepke shekemgi hám ulıwma orta bilimlendiriw basqıshlarına itibar artıp barıwı menen bir qatarda jaslardı hár tárepleme intelektual, aqlıy, estetikalıq hám fiziologiyalıq tárepten joqarı dárejede rawajlandırıwǵa talap kúsheymekte. Sebebi, úzliksiz bilimlendiriw sistemasınıń qanday dárejede nátiyjeli islewi mektepke shekemgi hám baslawısh tálimdegi tárbiyaǵa baylanıslı. Bul dáwirde balanıń dúnya qarası rawajlanıp boladı hám de oǵan durıs mazmun hám baǵdar bere alıw búgingi kúnimizdiń eń tiykarǵı máselelerinen biri bolıp tabıladı.

Ana tili sabaqlarında alıp barılatuǵın islerdiń bárshesi, sol qatarda, sawat ashıw da oqıwshılardıń sóylew tilin hám oylawın ósiriw menen baylanıslı halda dúziledi. Bul dáwirde oqıwshılar sóylew tilin ósiriwdiń wazıypaları tómendegilerden ibarat:

1. Oqıwshılar sóylewindegi kemshiliklerdi tuwrılaw,
2. Olardıń oyda sáwlelendiriw hám túsiniw sheńberin keńeytiw menen baylanıslı halda sózligin bayıtıw,
3. Oqıwshılar sóylewindegi ayırım sózlerdiń mánisine anıqlıq kiritiw,
4. Gáp hám úsh-tórt gápten ibarat kishi kólemdegi "gúrriń" baylanıslı sóylewdi awızeki tuwrı dúziw kónlikpesin ósiriw [3:10].

Birinshi klass oqıwshılarınıń sóylew tilin ósiriwde balalardıń oyın hám ádetleri, súwret kóriw hám "bul ne?, bul kim?, ol ne qılıp atır?" hám basqada sorawlar tıykarında sáwbetlesiwden de paydalanıladı. Sawat ashıw dáwirindegi hár bir sabaq barısında oqıwshınıń sóylew tilin ósiriwge óz aldına itibar qaratıw kerek. Sonda ǵana oqıwshılarda sap ana tilinde sóylew iskerligi rawajlanıp baradı. Sol qatarda "Álipbe" (aftorları: G.X.Jumasheva, V.Yu.Uvarova, A.N.Upaieva) sabaqlıǵı tiykarında bir saatlıq sabaq islenbesin keltiremiz.

Sabaq mazmunı. "L" sesi hám "L,l" háribi.

Saqbaq maxseti:

a) Bilim beriwshilik maxset: oqıwshılardı "l" sesi hám "L,l" háribi menen tanıstırıw, bul sesti durıs aytıw kónlikpesin qáliplestiriw, "L,l" háribinen baslanatuǵın buwınlardı hám sózlerdi tuwrı oqıw, buwınlar járdeminde sózler dúziw hám olardı oqıwǵa úyretiw;

b) Tárbiyalıq maxset: Jası úlkenlerdi húrmet etiw hám tártipli bolıwǵa úyretiw, aqılıy pazıyletlerdi sińdiriw;

c) Rawajlandırıwshılıq maxset: oqıwshılardıń buwınlap oqıw kónlikpesin qáliplestiriw, pikirlew qábiletlerin, sóylew tilin ósiriw.

Sabaq metodı: analitikalıq-sintetikalıq seslik metodı.

Sabaq túri: jańa ses-hárip úyreniletuǵın oqıw sabaǵı.

Sabaqtı qurallandırıw: "Álipbe", kespe álipbe, hárip kassası, lala, lampa, lenta sózleri jazılǵan kartoshkalar, túrli predmetler, tekstke tiyisli súwretler.

Sabaqtıń barısı:

I. Shólkemlestiriw.

II. Ótilgen temanı bekkemlew (úyge tapsırma soraw). Bunda balalar menen súwret tiykarında sáwbetlesiw shólkemlestiriledi

– Súwrettegi balalardıń atın aytıń.
– Kárim hám Qalbay.
– Qalbay qanday bala eken?
– Ol bilimli bala eken.
– Apası Kárimge ne dep aytadı?
– Apası Kárimge bilim alıw kerek ekenligin aytıp atır.
– Ne ushın bilim alıw kerek eken?
– Sebebi bilimli insan kúshli boladı, onı hámme húrmet qıladı.

III. Taza tema ótiw. Bunda dáslep lala, lampa, lenta hám basqada mısallardıń súwretleri kórsetilip, oqıwshılardan olardıń atları soraladı. Bul predmetler atınıń birinshi háribi "L,l" ekenligi sáwbetlesiw tiykarında anıqlanadı hám taza hárip penen tanıstırıladı.

Bunda lala gúli súwreti arqalı sáwbetlesiw shólkemlestirilip, tómendegi soraw hám tapsırmalar menen oqıwshılarǵa qarata soraladı:

– Bul ne?
– Lala gúlleriniń reńi qanday?
– Lala sózin buwınlarǵa bóliń hám neshe buwınnan ibarat ekenligin aytıp beriń. (La-la)
– Birinshi buwınıń aytıń. (la)
– Birinshi buwınında neshe ses bar?

Qalǵan buwınlar ústinde de usı sıyaqlı islenedi hám oqıtıwshı soraw beredi:

– Búgin qaysı ses penen tanısamız? ("L,l" sesi menen)

"L,l" ses-háribin úyretiwde tómedegi shınıǵıw túrlerinen paydalanıw múmkin:

1. "L" sesiniń aytılıwı hám belgileri ústinde islew.

– "L" sesi qaytip aytılıp atır?
– Ne ushın?
– "L" qanday ses? Ne ushın?

"L" sesiniń únli dawıssız ses ekenligin anıqlaǵanımızdan keyin, bul ses mısal retinde aytıp kórsetiledi, oqıwshılar onı tákirarlaydı. Usı processde oqıwshılar bárshe ótilgen háriplerdi birgelikte kóterińki dawıs penen aytadı.

2. "L" sesi qatnasqan sózler tabıw hám onıń sózlerdegi ornın anıqlaw.

3. "L,l" háripleri menen tanıstırıw. Bunda tómendegi kesteden paydalansaq boladı:

| | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| A | Á | B | D | E | F | G | Ǵ | H | X | Í | I | J | K | Q | L |

Tapsırma: Tanıs háriplerdi oqıń. Háripler ishinen ózińizge tanıs bolmaǵan háripti tabıń.

Sonnan keyin "L,l" háripleri kespe háripler ishinen tabılıwı kerekligi tapsırma etip beriledi:

– "L" bas háribin kórsetiń. Ol menen qanday sózler jazıladı?
– Kishi "l" háribin kórsetiń. Bul kishi hárip qashan isletiledi?

"L,l" háripleri hárip kassasına qosıp qoyıladı.

4. Buwınlap oqıw. "L" háribin ótilgen háriplerge qosıp buwınlar dúziledi hám qosıp oqıtıladı.

5. Súwret ústinde sáwbet. Oqıtıwshı kórgizbe-quraldı háreketlenetuǵın etip tayarlasa, oqıwshılarıńda qızıǵıwshılıǵı artadı hám taza temanı ózlestiriwi ańsat boladı.

Taxtaǵa baspa háripler menen tómendegi qosıq qatarları jazıladı:

Lyustra kóp dónip tur,
Lampa jaqtı berip tur.
Lala gúlden saylap ber,
Lenda menen baylap ber.

Bul gápler balalarǵa buwınlap oqıtıladı. Oqıwshılardıń baylanıslı sóylewin ósiriw maxsetinde tómendegi sorawlar beriledi: [1:22-23]

1. "L" háribi qaysı sózlerde qatnasqan?
2. Súwrettegi qız gúllerdi qay jerden alıp atır?
3. Bizge quyashday jaqtı beretuǵın ne?

Kartoshkalarda buwınlarǵa ajıratılıp jazılǵan sózler oqıtıladı.

6. Sabaqlıq penen islew. Oqıtıwshı sabaqlıqta berilgen buwınlar, sózler hám tekstti oqıwshılarǵa oqıp beredi, balalar birgelikte kóteriṅki dawısta tákirarlaydı.

IV. Taza temanı bekkemlew. Bunıń ushın oqıwshılar menen soraw-juwaplar ótkeriledi:

1. Búgin biz qaysı ses penen tanıstıq?
2. Súwrette neler kórsetilgen?
3. Balalardıń atı kim?

Kishi jastaǵı mektep oqıwshılarınıń baylanıslı sóylewin ósiriwde didaktikalıq oyınlar, hár túrli jarıslar áhmiyetke iye.

V. Úyge tapsırma beriw hám juwmaqlaw. Bunda belsene qatnasqan oqıwshılar xoshametlendiriledi hám úyge tapsırma beriledi.

"Álipbe" birinshi oqıw kitabı bolıp, onı islep shıǵıwda didaktikanıń ulıwmalıq talaplarına: idealogiyalıq, bayannıń ilimiyligi, túsinikliligi, sanalılıq, oqıw materiallarınıń ómir menen tikkeley baylanıslılıǵı, balalar jası hám dúnya qarası, ózgeshe ruwxıy ayrıqshalıǵınıń esapqa alınıwı [2:3] hám de "Álipbe" sabaqlıǵı dúzilisiniń jeke talaplarına tıykarlanadı.

Sawat ashıw dáwirinde balalar ótilip atırǵan temamızdı teoriyalıq tárepten emes bálki baylanıslı sóylew qábiletlerin ózlestiriw hám durıs jazıw shınıǵıwların orınlaw menen oqıw jılınıń ekinshi yarımında yaki keyingi oqıw jıllarında úyreniletuǵın temalardıń ózlestiriwge tayarlanadı. Solay eken oqıtıwshınıń sabaq ushın ajratılǵan waqıttan únemli paydalanıwı, kórgizbe-qurallarınıń hár tárepleme joqarı dárejede bolıwı, oqıwshılardıń artıqsha dıqqatın tartatın predmetler menen islespew, "Álipbe" kitabın janlandırıw sawat ashıw dáwirinde úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda balalardıń joqarı dárejede bilim alıwı olardıń sóylew tiliniń durıs rawajlanıwı menen tikkeley baylanıslı. Álbette, baslawısh tálimniń tiykarǵı wazıypalarınan biri oqıwshılardıń sóylew iskerligin ósiriw bolıp, til ósiriw úsh basqıshta: sóz ústinde islew, sóz birikpesi hám gáp ústinde islew, baylanıslı sóylew ústinde islew arqalı joqarılap barıwı metodikalıq ádebiyatlarda belgilengen. Sawat ashıw dáwirinde de joqarıda keltirilgen úsh basqıshta jumıs alıp barıladı. Bul dáwirde oqıtıwshılardıń tiykarǵı wazıypası oqıwshılardı úyreniw esaplanıp, bul oqıwshılar menen sóylesiw arqalı ámelge asadı.

**Ádebiyatlar**

1. Jumasheva G.X., Uvarova V.Yu., Upaieva A.N.. Álipbe kitabı (1-klass ushın sabaqlıq). -Tashkent: "Novda Edutainment", 2024. 22-23-b

2. Saffarova R., Ǵulomov M., Inoyatova M. Savod órgatish darslari (Álifbeni óqitish bóyicha metodik qóllanma). -Toshkent: "Manaviyat", 2003. 3-b

3. Matchanov S., Ǵulomova X. Nutq madaniyati. "Boshlanǵıch tálim" jurnali. –Toshkent: 2000. 8-10-b.

**REZYUME.** Maqolada uzluksiz talim tizimining qanchalik darajada samarali ishlashida boshlang'ich talimda o'quvchilar nutqini rivojlantirishning ahamiyati va vazifalari boyicha bir qator tushunchalar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлен ряд концепций о значении и задачах развития речи учащихся начальных классов в эффективном функционировании системы непрерывного образования.

**SUMMARY.** The article presents a number of concepts on the importance and tasks of the development of students' speech in primary education in the effective functioning of the continuous education system.

## BOLALARNING MUSTAQIL FIKRLASHINI RIVOJLANTIRISHDA PEDAGOGNING FAOLIYATI

**S.E.Romanova –** *pedagogika fanlari nomzodi, dotsent*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*

**Tayanch so'zlar:** musiqiy faoliyat, fikrlash, san'at, istedodli yosh ijodkorlar, musiqa asbobi, milliy meros, to'garak ishlari, ijodiy qobiliyat

**Ключевые слова:** музыкальная деятельность, искусство, мышление, талантливая молодежь, музыкальный инструмент, народное достояние, кружковая работа, творческие способности.

**Key words:** musical activity, thinking, art, talented youth, musical instrument, national property, circle work, creative abilities.

Ta'lim-tarbiya – bu bolani umuminsoniy va milliy qadriyatlar asosida har tomonlama rivojlangan shaxsni kamolga yetkazishga yo'naltiruvchi jarayondir. Har bir bola kamoloti fikr aniq-tiniqligi, yaxlitligi, keng qamrovliligi, dolzarbligi, o'zgalar tomonidan tinglanishi va tan olinishi bilan belgilanadi. Fikr – atrof-muhitga, voqelikdagi hodisalarga, jarayonlarga, narsa va shaxslarga nisbatan bildiriladi. Har bir bolada biror narsaga baho berish uchun o'zining fikrlash holati, oddiy fikrlash yo'li mavjud. Va bu holat nafaqat alohida insonlar uchun taalluqli, balki butun boshli xalqlar, davlatlar, tamaddunlarga ham xosdir. Boshqalarga nisbatan o'zgacha fikrlovchi, borliqqa boshqacha nazar bilan qarovchi shaxslar har bir davrda mavjud. Odatda, bunday insonlardan jamiyat taraqqiyoti uchun xizmat qiladigan shaxslar yetishib chiqadi. Ularga jamiyatda alohida nufuzga ega bo'lgan shaxslar sifatida qaraladi. Vaholanki, bu kabi insonlarning o'zgacha fikrlash tarzi barcha kashfiyotlar, ilmiy yangiliklarni ochish, tadqiqotlarning yuzaga kelishi uchun asos bo'lib xizmat qilgan. Ular barcha zamonlarda insoniyatni taraqqiyotga boshlovchi g'oyalarning tug'ilishiga sabab bo'lgan.

Bola o'zining mustaqil fikrlash salohiyati darajasida darsda taqdim etilgan ma'lumotlarni tahlil etadi, xulosa chiqaradi, qarorlar qabul qiladi. Zero, fikr – bola mustaqil ravishda amalga oshirgan aqliy faoliyatining natijasidir. Bu natijaning jamiyat taraqqiyotiga ta'siri ham o'ziga xos. Tajribalar shuni ko'rsatadiki, har bir bola o'zicha fikrlaydi.

Aksariyat bolalar masala yechimini makon va zamonga, yashab turgan muhitiga hamohang yechishni lozim ko'rsa, sanoqli bolalargina noan'anaviy fikrlarni ilgari suradi.

Bu toifadagi bolalar har qanday ma'lumotning asoslanishi, tahlil etilishi, ularga o'z munosabatini bildirishni istaydi. Zero, bunday bolalarni qanoatlantiradigan ta'lim mazmuni birmuncha murakkabdir. Sir emaski, bunday holatni o'qituvchilar ko'p ham xush ko'ravermaydi. Bu toifa o'qituvchilar faoliyatida anchayin qusurlar ko'zga tashlanadi. Chunonchi,

- butun dars davomida o'qituvchi faoliyati ustuvor bo'lib, mavzularga bir tomonlama yondoshish;
- o'quv dasturi, darslik va qo'shimcha materiallardagi ma'lumotlar mukammal, zotan, ularni o'zlashtirish shart degan qarashga og'ishmay amal qilish;
- dars jarayonida bolalar fikrlari xulosalariga e'tiborsizlik, o'qituvchi o'z fikrini mutlaq haqiqat bilib, o'z aytgani aytgan deb hisoblash;
- bolaning qiziqishi, imkoniyati va salohiyatiga qarab alohida-alohida yondosha bilmaslik;
- o'rganilganlar yuzasidan umumlashgan xulosa chiqarishga da'vat qilmaslik, bolalarning muhokama va munozarasini rag'batlantirmaslik xollari tez-tez uchraydi.

Shu o'rinda fikr mustaqilligi nima, degan haqli savol tug'iladi.

Fikr mustaqilligi – bu bolaning muayyan narsa, voqea-hodisa, jarayon, dalil, ma'lumotlarga nisbatan shaxsiy munosabati, qarashi va shu munosabat yoki qarash bo'yicha tegishli muammoni hech kimning ko'magi va ko'rsatmasisiz, zakovati, salohiyatiga tayangan holda, tegishli usul, vositalar yordamida mustaqil ravishda hal qilishidir. Yuqoridagi holatlardan kelib chiqqan holda o'z oldiga yaqqol maqsad, yangi vazifalar qo'ya bilish, ularni